

Ki sa Swine flu (Influenza A H1N1) ye?

Swine influenza (swine flu) se yon maladi respiratwa ki koze pa viris influenza tip A. Nan lane 2009 la, viris sa-a koze maladi kankou la grip nan Florid, Etazini e nan anpil lot kote nan lemon'n

Ki sa ou santi lè ou gen swine flu?

Siy swine flu yo samble tèt koupe avek siy la grip: se fièv, tous, mal gòj, mal tèt, ko fè mal, frison ak fatig. Kèk moun gen dyare ak vomisman tou. Lontan, moun kon'n malad grav e men'm mouri avèk viris swine nan. Kòz lan mò a se maladi poumon ki fè yo pa ka respire. Men'm jan ak maladi grip la, swine flu ka agrave yon lòt maladi ke ou te genyen deja.

Kouman moun ka pran maladi swine flu?

Ou kapab pran swine flu men'm jan ou pran maladi grip la. Se moun malad ki bay moun li lè- yo touse, estènen, bay lan men ou manyen bagay ki gen viris la e touché je, bouch ak nen yo.

Eske'm ka pran swine flu a si'm manje ou byen prepare vyann kochon?

Non. Swine flu pa ka transmèt nan mange. Ou pa ka pran swine flu si ou manje kochon ou bagay ki fèt avèk kochon. Men'm si vyann nan pa byen kwit li pa ka fè ou pran swine flu.

Kisa'm ka fe poum pwotege tet mwen kont maladi swine flu?

Pa gen oken'n vaksen ki ka pwotege'w konnye-a . .

Fè bagay sa yo chak jou pou pwotege tet ou:

- Kouvri bouch ak nen ou avek mouchwa papye le wap touse ou estènen jete papye ya nan poubèl lè ou fin utilise'l.
- Lave men nou souvan avèk dlo epi savon lè ou fin touse ou byen estenen. Ou ka utilize solisyon ki fèt avèk alkol tou.
- Pa touché je ou ak bouch ou . Ou ka pran viris la konsa tou.
- Evite rete tro pre moun ki gen maladi-a
- Si ou gen grip, rete lakay ou pa al travay e pa al lekòl

Ki pi bon jan pou ou evite bay moun maladi swine flu?

Si w malad, evite kontak ou avek lòt moun le plis posib. Pa ale lekòl ou nan travay siw malad. Kouvri bouch ak nen 'w avek papye le wap touse e estenen. Sa ka empeche moun bò kote nou yo pran maladi-a . Jete papye ou fin utilize-a nan poubèl. Kouvri bouch ou ak men'w si ou pa gen papye. Apre sa, lave men'w . Fè sa chak fwa ou fin touse ou byen estènen..

Ki sa ou dwe fè si ou malad?

Si ou sispèk ou gen siy maladi a tankou fièv, kò fè mal, nen ou ap koule dlo, gòj fè mal,anvi vomir,vomi, oubyen ou gen dyare, ou dwe kontakte doktè. Doktè ou va fe'w konnen si ou bezwen fè tès oubyen trètman.

Eske gen medikaman pou trete swine flu?

Oui. Si ou pran sa bonè, medikaman ke yo bay ou pou viris la ka fè maladi-a pa dire e ou va genyen mwens pwoblem

Kile yon lekòl nan Broward ka fermen?

Depatman la sante nan Broward ap travay avèk komite ki reskonsab lekòl nan Broward sou koze sa yo. Desisyon pou fèmen oubyen ouvè Lekol nan Broward se sipèntandan ki reskonsab.

Pou sant prive yo departman la sante pale ak direktè yo sou sa

Sonje Kisa'm ka fe poum pwotege tet ou kont maladi swine flu?

- Kouvri bouch ak nen ou avek mouchwa papye le wa touse ou estènen jete papye ya nan poubèl lè ou fin utilise'l.
- Lave men nou souvan avèk dlo epi savon lè ou fin touse ou byen estenen. Ou ka utilize solisyon ki fèt avèk alkol tou.
- Pa touché je ou ak bouch ou . Ou ka pran viris la konsa tou.
- Evite rete tro pre moun ki gen maladi-a
- Si ou gen grip, rete lakay ou pa al travay e pa al lekòl .

Enfomasyon sa yo soti nan Depatman Sante nan Broward

Pou plis enfomasyon rele nan:

www.browardchd.org

www.floridashealth.com

www.cdc.gov/swineflu

Simaye bon koze Men pa maladi grip

Swine Flu

(H1N1 Influenza)

Information Sheet



780 SW 24th Street
Fort Lauderdale, FL 33315
Office of Health Promotion
Phone: 954 467-4807
Fax: 954 467-4785
www.browardchd.org